



Bill de Blasio
Mayor

Human Resources

Administration

Department of
Social Services

Steven Banks

Commissioner

Department of
Homeless Services

PWOGRAM PATHWAY HOME AVI KONSENAN DESIZYON SOU KALIFIKASYON

Non Kliyan

Abri

Adrès 1

Adrès 2

Nimewo Dosye CARES:

Dat Aplikasyon an: mwa/jou/ane

Nimewo Aplikasyon:

Dat Avi a: mwa/jou/ane

Nan dat _____ ou te soumèt yon aplikasyon pou pwogram Home Pathway la.

Ou **kalifye** pou pwogram Pathway Home nan.

Nou apwouve pou ou rete kay fanmi dakèy nan rezidan ki gen adrès:

Fanmi dakèy ou a ap touche \$ _____ chak mwa.

Ou **pa kalifye** pou pwogram Pathway Home nan pou rezon sa a (yo):

Aplikasyon ou a pa konplè. Ou pa te soumèt dokiman sa yo: _____

Moun k ap viv ansanm ak ou yo pa gen omwen yon moun k ap resevwa Èd Lajan Kach (yo te resevwa yon sèl fwa oswa ki aktif), epi tout moun k ap viv nan kay ou ki kalifye pou Asistans Lajan Kach (yo te resevwa yon sèl fwa oswa ki aktif) dwe ap resevwa avantaj sa yo;

Revni total moun k ap viv ansanm ak ou yo anvan dediksyon depase 200 pousan nivo federal povrete jan Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini (U.S. Department of Health and Human Services) detèmine chak ane a.

Moun k ap viv ansanm ak ou yo dwe gen ladan yon timoun ki satisfè kritè ki endike nan Seksyon 369.2(c) Tit 18 Kòd, Règ ak Règleman New York.

Moun k ap viv ansanm ak ou yo pa kalifye pou ebèjman DHS.

Moun k ap viv ansanm ak ou yo p ap viv nan sistèm ebèjman Minisipalite vil la.

Moun k ap viv ansanm ak ou yo pa p viv nan sistèm ebèjman Minisipalite Vil la pou omwen katrevendis jou youn dèyè lòt.

Ou pa te idantifye yon fanmi dakèy ki te dakò pou kite moun k ap viv ak ou yo viv nan kay li pou yon peman chak mwa ki pa depase maksimòm lajan nou otorize.

Si w al viv ak fanmi dakèy ou te idantifye a sa kapab yon poze yon risk pou sante, sekirite oswa byennèt pou moun k ap viv ansanm ak ou yo.

LÒT: _____

Dwa pou yon Evalyasyon Desizyon Nou yo

ÈSKE OU PANSE DESIZYON NOU AN PA KÒRÈK? (SI OU PANSE SA, KONTAKTE HRA IMEDYATMAN)

Si ou panse Avi Konsènan Desizyon Sou Kalifikasyon sa a oswa montan peman chak mwa pwogram Pathway Home nan pa kòrèk, ou pa mande yon konferans pou fè evalyasyon ak HRA. Si nou fè yon erè, n ap korije li. Si, apre ou pale avèk responsab dosye ou, ou pa satisfè avèk eksplikasyon ou resevwa a, ou kapab mande yon evalyasyon desizyon an. Souvan, fason ki pi rapid pou fè nou evalye desizyon an se lè ou mande yon konferans pou evalyasyon avèk HRA.

FASON POU MANDE YON KONFERANS POU EVALYE DESIZYON AN

Li fasil anpil pou mande yon rankont pou evalye desizyon an. Senpleman rele nimewo 929-221-0043 epi di w ap mande pou gen yon konferans pou evalye desizyon yo te pran sou kalifikasyon ou pou pwogram Pathway Home nan. N ap ba ou randevou pou yon rankont san pèdi tan.

SA POU PREVWA NAN YON RANKONT POU EVALYE DESIZYON AN

Nan yon konferans pou evalyasyon an, n ap diskite sou desizyon nou an avèk ou. Pafwa, sa reprezante yon fason ki pi rapid pou rezoud yon pwoblèm ou ka genyen.

Si ou gen dokiman ki montre te gen yon erè, ou kapab eksplike nou erè a, epi n ap ba ou enstriksyon konsènan fason ki pi rapid pou chanje oswa modifye enfòmasyon ou yo.

Si ou pa satisfè avèk rezulta konferans evalyasyon an, ou toujou gen dwa pou yon kontestasyon administratif.
N ap pwolonje dèle pou mande yon kontestasyon jiska 60 jou apre dat rankont lan.

METÒD POU KONTESTASYON ADMINISTRATIF LA

Dat limit pou mande yon kontestasyon: Ou gen 60 jou apati dat ki nan avi sa a oswa apati dat rankont ou pou mande yon Kontestasyon Administratif.

Fason pou Mande yon Kontestasyon Administratif:

Ou kapab mande yon kontestasyon administratif pa **lapòs**, nan **faks**, oswa nan **imèl**. Si ou pa kapab kontakte HRA nan faks oswa nan imèl, tanpri voye yon lèt bay Pathway Home Program Appeals, 150 Greenwich Street, 36th Floor New York, NY 10007 pou mande yon kontestasyon administratif anvan dat limit lan.

(1) LAPÒS: Voye yon kopi **TOUT TWA (3) PAJ AVI SA A**, ki ranpli a, nan adrès:
Pathway Home Program Appeals
150 Greenwich Street, 36th Floor
New York, NY 10007
(Tanpri konsève yon kopi pou ou.)

Mwen vle yon kontestasyon administratif. Mwen pa dakò avèk desizyon Minisipalite Vil la.
(Ou ka eksplike pou kisa ou pa dakò avèk desizyon an anba la a, men ou pa gen ou ajoute yon eksplikasyon alekri.)

Ekri Non an

Lèt Detache: _____ Nimewo Dosye: _____

Non Dezyèm Prenon Non Fanmi

Adrès: _____

Telefòn: _____

Vil: _____ Eta: _____ Kòd Postal: _____

Siyati: _____ Dat la: _____

(2) NAN FAKS: Fakse yon kopi **TOUT TWA (3) PAJ AVI SA A** nan nimewo: **917-639-0313**.
(Pandan w ap viv nan abri a, founisè ou ap mete machin faks la disponib pou ou pandan lè biwo louvri pou mande yon kontestasyon).

(3) NAN IMÈL: Eskane epi Imèl **TOUT TWA (3) PAJ AVI SA A** nan imèl: RACC@hra.nyc.gov

Sa pou Prevwa nan yon Odyans Kontestasyon Administratif

HRA ap voye ba ou yon avi pou fè ou konnen kilè ak ki kote odyans pou kontestasyon an pral fèt.

Nan odyans lan, w ap gen yon chans pou eksplike pou kisa ou panse desizyon an pa kòrèk. Ou kapab vini avèk yon avoka, yon manm fanmi ou, yon zanmi ou oswa yon lòt moun pou ede ou fè sa. Si ou pa kapab vini poukout ou, ou ka voye yon moun pou reprezante ou. Si ou voye yon moun ki pa yon avoka nan odyans lan alaplas oumenm, ou dwe bay moun sa a yon lèt pou montre ofisyè odyans lan ou vle pou moun lan reprezante ou nan odyans lan.

Pou ede ou eksplike nan odyans lan pou kisa ou panse desizyon nou an pa kòrèk, ou ta dwe vini avèk temwen ki kapab ede ou. Ou ta dwe pote nenpòt papye ou genyen, tankou: souch chèk peman, kontra lwave, resi, bòdwo, deklarasyon doktè. Nan odyans lan, oumenm, avoka ou oswa lòt reprezantan kapab kesyone temwen nou mennen yo tou, oswa temwen ou mennen an pou bay èd nan dosye ou.

Si ou se yon moun ki andikape, epi ou pa kapab deplase, ou ka voye yon reprezantan ki swa yon zanmi, yon manm fanmi oswa yon avoka pou vini nan plas ou. Si moun ki reprezante ou pa yon avoka, oswa si moun nan pa anplwave yon avoka, moun ki reprezante ou a dwe pote ba ofisyè ki alatèt odyans lan yon lèt ekri ki siyen.

Si ou gen yon andikap epi ou bezwen yon aranjman rezonab, tankou yon sèvis entèpretasyon langaj siy, yon èd pou twoub vizyèl oswa yon lòt aranjman, pou patisipe na yon rankont oswa nan yon odyans, tanpri fè demann sa a sou fòm sa a.

Èd Legal

Si ou panse ou bezwen yon avoka pou ede ou avèk pwoblèm sa a, ou kapab anmezi pou jwenn yon avoka gratis. Pou fè sa, ou dwe kontakte Sosyete Èd Legal (Legal Aid Society) zòn ou oswa lòt gwoup defans legal. Pou jwenn enfòmasyon pou kontakte Èd Legal oswa lòt gwoup defans oswa non lòt avoka yo, tcheke Paj Jòn yo anba "Lawyers" (Avoka) oswa tcheke ekivalan an sou entènèt.

Aksè nan Dosye ou ak Kopi Dokiman yo

Pou ede ou prepare ou pou odyans lan, ou gen yon dwa pou gade dosye ou yo. Si ou rele HRA, si ou ekri oswa fakse nou, n ap voye ba ou kopi gratis dokiman dosye ou yo, epitou se dokiman sa yo n ap bay ofisyè odyans lan nan odyans lan. Epitou, si ou rele nou, si ou ekri nou oswa si ou fakse nou, n ap voye ba ou gratis kopi dokiman espesyal dosye ou panse ou ka bezwen pou prepare pou odyans pou kontestasyon an. Pou mande dokiman yo oswa pou konnen kijan pou analize dosye ou, rele HRA nan nimewo **929-221-0043**, oswa ekri HRA nan **Pathway Home Program, 150 Greenwich Street, 36th Floor, New York, NY 10007**.

Si ou vle kopi dokiman ki nan dosye ou, ou ta dwe mande yo davans. N ap ba ou yo nan yon dèle rezonab anvan dat odyans lan. N ap voye dokiman yo pou ou pa lapòs sèlman si ou fè yon demann espesyal pou sa.

Enfòmasyon

Si ou vle jwenn plis enfòmasyon sou dosye ou, sou fason pou mande yon kontestasyon administratif, oswa sou fason pou wè dosye ou, oswa sou fason pou jwenn kopi siplemantè dokiman yo, rele HRA nan nimewo **929-221-0043** oswa ekri HRA nan Pathway Home Program, 150 Greenwich Street, 36th Floor, New York, NY 10007.

Lòt Dwa pou Kontestasyon

Si ou panse desizyon ofisyè odyans lan pa kòrèk, w ap gen dwa pou konteste desizyon ofisyè odyans lan nan devan yon manadjè nivo siperyè nan HRA. N ap mete enfòmasyon sou fason pou fè yon lòt kontestasyon nan desizyon ofisyè odyans lan.